

GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM OU A POU L KA GEN ENFÒMASYON ADISYONÈL POU REZO SWEN SOSYAL YO

Apati **1ye janvye 2025**, ou ka resevwa depistaj ak referans pou sèvis lokal, sèvis leta ak federal ki deja egziste yo atravè Rezo Swen Sosyal rejyonal yo (SCN, an anglè). Si w kalifye, gwoup lokal sa yo ka mete w an kontak ak sèvis nan kominote w la ki ede ak lojman, transpò, edikasyon, travay ak jesyon swen san okenn frè pou ou.

- Aprè depistaj atravè SCN sa a, ou menm ak nenpòt moun ki enterese nan kay ou a ka rankontre ak yon Navigatè Swen Sosyal ki ka konfime kalifikasyon w pou sèvis ki ka ede ak sante ak byennèt endividyèl. Yo ka mande w oswa manm kay ou pou dokiman sipò pou detèmine ki kote sipò siplemantè a ka nesesè.
- Si w kalifye pou sèvis oswa nenpòt moun nan kay ou a, Navigatè Swen Sosyal la ka travay avèk ou pou jwenn sipò w bezwen an. Sa a depann kalifikasyon endividyèl ou, ou ka kalifye pou plis pase yon sèvis. Sèvis sa yo gen ladan:
 - Sipò pou lojman ak sèvis piblik:
 - Enstale modifikasyon lakay ou tankou ranp, balistrad, ba pou kenbe, chemen, ouvèti pòt elektrik, elaji pòt, manch pòt ak kabinèt, enstalasyon twalèt, kabinèt kwizin oswa lavabo, ak sifas antiderapan pou fè kay ou aksesib epi an sekirite.
 - Sèvis pou elimine mwazi, ensèk nuizib ak asma.
 - Bay yon èkondisyon, aparèy chofaj, imidite oswa dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon lakay ou.
 - Bay ti inite refrijerasyon ki nesesè pou tretman medikal.
 - Ede w jwenn epi aplike pou lojman ki an sekirite epi ki estab nan kominote a ki ka genyen asistans nan lokasyon ak sèvis.

REMAK: Plan w lan ka kouvri kèk sèvis lojman. Se poutèt sa a, gen kèk sèvis lojman ki pral mande kowòdinasyon ant Navigatè Swen Sosyal la ak responsab swen plan sante w la.

- Sèvis transpò:
 - Ede w ak aksè nan transpò piblik oswa transpò prive nan kote SCN apwouve tankou: ale nan yon entèvyou travay, kou pou paran, tribinal lojman pou anpeche degèpisman, makèt fèmye lokal yo ak biwo depatman vil la oswa leta pou jwenn dokiman enpòtan.
- Sèvis jesyon swen:
 - Jwenn èd pou jwenn yon travay oswa pwogram fòmasyon travay, aplike pou benefis piblik, jere finans ou, ak plis ankò.

- Konekte ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon kriz, pwogram kay an sante, ak plis ankò.

N ap mete w an kontak ak yon SCN nan zòn ou an.

1. Ou ka rele sèvis manm plan sante a nan 1.866.986.0356, Lendi jiska Vandredi, 8 am - 8pm, ak Samdi 9am - 5 pm TTY: 711 epi n ap mete w an kontak ak yon SCN nan zòn ou an. Nan lòt lè, rele sèvis repondè pou lè nou fèmen yo nan 800.442.2560.

2. Ou ka rele SCN nan konte ou a epi mande yon tès depistaj oswa plis enfòmasyon. Gade enfòmasyon kontak SCN yo nan tablo ki anba a.

3. Ou kapab vizite sit entènèt yo a tou pou kòmanse yon oto-evalyasyon.

Depi w fin konekte sou SCN la, yon Navigatè Swen Sosyal la ap konfime kalifikasyon w, pandan l ap poze w kesyon, mande w dokiman sipò (si sa a nesesè), l ap ba w plis enfòmasyon sou sèvis kalifikasyon yo epi l ap ede w antre an kontak ak yo.

SCN	Konte	Nimewo Telefòn
Public Health Solutions	Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn	888-755-5045
	https://www.wholeyou.nyc/	
Staten Island Performing Provider System	Richmond	917-830-1140
	https://statenislandpps.org/social-care-network/	
Somos Healthcare Providers, Inc.	Bronx	833-SOMOSNY (833-766-6769)
	https://www.somoscommunitycare.org/social-care-network/	